



Pou Piblikasyon Imedya: 20/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DISKOU A JAN YO TE PREPARE L LA: GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE GRAN PWEN KI NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2027 LA: YON NOUYÒK KI PI FÒ, KI PI AN SEKIRITE, KI PI ABÒDAB

[*Liv bidjè konplè a disponib isit la*](#)

Diskou Gouvènè a yo jan yo prepare a disponib anba a:

Bonswa tout moun. Premyèman, mwen vle remèsye ekip siperyè ekstrawòdinè mwen an — Sekretè Gouvènè a, Karen Persichilli Keogh. Direktè Bidjè Blake Washington, n ap tandè plis nan bouch li nan yon ti tan. Konseye Brian Mahanna. Mwen fyè tou pou m akeyi de nouvo manm nan ekip ansyen mwen an — Direktè Operasyon Eta a, Jackie Bray, ke anpil nan nou konnen depi lè li te Komisè Divizyon Sekirite Enteryè a, ak nouvo direktè politik mwen an, Emma Vadehra.

Mwen vle remèsye patnè mwen yo nan pwosesis Bidjè a, Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble a Carl Heastie. Si senk dènye ane yo te anseye nou yon bagay, se ke nou pral pase anpil èdtan nan sal sa a pandan kèk mwa k ap vini yo, tout nan kad yon efò komen pou goumen pou Nouyòkè yo.

Mwen ta renmen tou remèsye: Kontwolè Eta a Tom DiNapoli, Lidè Majorite Adjwen Sena a Michael Gianaris, Prezidan Finans Sena a Liz Krueger, Prezidan Komisyon Finans (Vwa ak Mwayen) Asanble a, Gary Pretlow, Lidè Minorite Sena a Rob Ortt, Lidè Minorite Asanble a William Barclay, Ranke Finans Sena a Senatè O'Mara, Reprezantan minorite nan Komisyon Finans Asanble a, Depite Ra.

Semèn pase a, mwen te prezante ajanda anbisye nou an pou 2026, vizyon nou pou yon Nouyòk ki pi solid, ki pi an sekirite, epi ki pi abòdab. Jodi a mwen la pou m montre w kijan nou pral finanse l yon fason responsab nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 la. Yon bidjè se plis pase chif sou yon paj. Se yon deklarasyon priyorite, yon tès disiplin. Epi ane sa a ak tout ensètitud sa yo k ap soti Washington, fòk se yon plan ki ka kenbe tèt anba presyon

Pandan kat dènye ane yo, nou pwouve yon bagay enpòtan: Ou ka fè investisman istorik san ogmante taks sou revni, san ipoteke jenerasyon k ap vini yo, epi san ou pa bliye sa moun yo gen mwayen peye. Lajan taks la, se swè Nouyòkè ki travay li, nan fè

gwo jounen, pase nwit deyò, epi leve granmmaten. Kidonk, nou gen obligasyon pou nou jere byen epi pou nou envesti tou pou konstwi yon avni ki pi bon toujou.

Pandan plizyè ane, pi gwo menas pou bidjè nou an se te yon potansyèl resesyon. Epi nou te planifye ak anpil atansyon pou pwoteje Nouyòk yo kont risk sa a. Men, defi ki pi nouvo e ki pi enprevizib la se yon bagay ki byen diferan: Atak dirèk sou eta yo pa administrasyon Trump la. Relasyon gouvènman federal la ak eta yo pa janm te senp. Men, pandan plizyè deseni, te gen yon konfyans debaz. Lè eta yo te mete men nan travay pou delivre pwogram federal yo, gouvènman federal la t ap yon patnè serye.

Nan yon ane, Administrasyon Trump la kraze konfyans sa a. Plizyè fwa, Repibliken nan Kongrè a, ki gen ladan sèt nan pwòp eta nou an, pa te reyisi defann pèp ki te eli yo a. Yo gen pouvwa pou yo koupe emoraji a, men yo refize goumen pou elektè yo. Epi atravè peyi a, nou wè konsekans reyèl pou fanmi k ap travay yo, kèlkeswa moun yo te vote pou li a.

Se poutèt sa bidjè ane sa a reflekte de reyalite an menm tan: Nou gen yon VRÈ momantòm isit la nan Nouyòk. Epi gen anpil boulvèsman devan nou, donk fòk nou rete vijilan Vijilans sa a enpòtan paske rekiperasyon Nouyòk apre pandemi an pa te otomatik. Li te bati sou chwa ki te fèt ak atansyon, yon sistèm taks ekitab ak yon klima ekonomik ki ankouraje kwasans. Balans sa a te ede retabli konfyans, li te kreye yon milyon djòb nan sektè prive a depi lè m te eli antanke Gouvènè epi li te mete eta nou an sou yon baz pi solid. Men, siksè sa a pa garanti. Se poutèt sa Bidjè sa a bati pou pwoteje sa k ap mache pandan y ap prepare pou ensètitud k ap vini an.

Kite m kòmanse ak gran pwèn an. Bidjè Egzekitif sa a totalize 260 milya dola nan depans Tout Fon, sa vle di yon ogmantasyon 0.7 pousan. Depans yo ogmante yon ti kras, sitou pou konpanse rediksyon federal yo, sitou nan swen sante.

Se paske fon federal yo nan bidjè sa a diminye apeprè 10.3 milya dola. Sa se yon diminisyon 11.4 pousan parapò ak ane pase. Yon pati nan sa se te sekou pandan pandemi an ke nou te konnen ki t ap fini. Men, 3 milya dola ladan l se lajan finansman Medicaid ki regilye ke Nouyòk depann sou li pou bay swen pou plizyè milyon moun. Anplidid rediksyon federal sa yo t ap pi mal si nou pa t kenbe tèt ak Administrasyon Trump la, kote nou te rive bloke pou pi piti 4 milya dola anplis nan koupe ak friz bidjè, kit se devan tribinal oswa nan pran lapawòl an piblik pou fè presyon Sa gen ladan tantativ pou koupe sibvansyon pou lapolis, pwogram sekirite sosyal, ak pwojè enfrastrikti ki bay bon djòb sendika yo.

Pou ede konpanse rediksyon federal sa yo, Fon Fonksyonman Eta a ap oblije ogmante pou rive nan 157.6 milya dola. N ap asire ke Nouyòkè ki vilnerab yo pa pèdi swen esansyèl epi n ap fè sa pandan n ap toujou pwoteje kontribyab nou yo. Yon lòt fwa ankò pa gen okenn ogmantasyon taks sou revni pou Nouyòkè yo.

Epi bidjè sa a kenbe rezèv yo nan 14.6 milya dola. Kite m pran yon minit pou m mete chif sa a nan kontèks li. Lè m te antre an fonksyon an 2021, nou te gen anviwon 2.5

milya dola an rezèv. Pandan kèk dènye ane yo, nou te bati rezèv nou yo nan nivo ki pi wo a, yon bidjè responsab ki solid ase pou pwoteje Nouyòk nan yon kriz ekonomik epi ki fleksib ase pou nou aji lè fanmi ak biznis yo te bezwen èd.

Ane pase, pandan n ap travay avèk lidè nou yo, nou te pran yon desizyon volontè pou nou itilize yon pòsyon nan rezèv sa yo pou nou peye 7 milya dola nan dèt asirans chomaj. Sa te retire yon gwo fado sou do ti biznis yo pandan l ap ogmante benefis pou travayè ki pèdi travay yo. Nan lòt mo, se pa pou san rezon nou te sere kòb sa yo pou move jou yo. Epi moe jou to te kòmanse frape, nou te itilize yo. Menm avèk rediksyon sa a, rezèv nou yo rete an sante.

Nou toujou gen pi gwo rezèv pase nenpòt Administrasyon nan istwa eta a.

Epi bidjè sa a kontinye pwoteje estabilite fiskal Nouyòk la. Revni yo kontinye depase pwobjeksyon yo, an pati akòz bonis rekò Wall Street yo. Sa refilete yon reyalyte fondamantal nan sistèm taks Nouyòk la. Nou deja gen estrikti taks ki pi pwogresif nan peyi a, sa vle di lè ekonomi an solid, e sitou lè moun ki gen gwo richès ak anplwayè yo touche plis, revni nou yo ogmante.

Se poutèt sa nou kapab investi plis san nou pa mande Nouyòkè yo pou yo peye plis.

Men, kite m klarifye yon lòt bagay: Sa a se pa yon bidjè osterite. Men, se yon bagay ki gen disiplin. N ap kontinye investi nan sèvis debaz Nouyòkè yo konte sou yo, tout pandan n ap kenbe kwasans Fon Operasyon Eta a nan yon nivo responsab.

Pandan ane ki sot pase a, nou te byen egzamine pwogram ki te vin pi mal. Se pa pou retire sèvis yo, men pou asire ke lajan kontribyab yo ap rive jwenn moun yo sipoze sèvi yo.

Yon egzanp se CDPAP. Se yon pwogram ki bay swen kritik pou Nouyòkè vilnerab yo, men se yon pwogram ki te kreye san okenn sipèvizyon ditou. Li te grandi yon fason ki akselere anpil, akòz regleman ki te twò lach epi, nan kèk ka, menm akòz fwod. Depans yo te vin twòp e yo te mete vyabilite pwogram vital sa a an danje. Nou te deklare: "Nou di ase." Sispann abi a epi mete pwogram nan an plas ankò.

Refòm nou yo ap mache. Moun ki bezwen swen yo ap jwenn li. Nou mete pwogram nan sou chemen pou yon estabilite fiskal alontèm. Epi lè nou kontwòle depans jeneral yo, nou jwenn prèske 1.2 milya dola nan ekonomi, de fwa plis pase sa nou te espere. E kisa nou te fè ak ekonomi sa yo? Nou te itilize yo pou estabilize Medicaid nan yon moman kote gouvènman federal la ap retire plizyè milya dola an sipò.

Kite m eksplike kisa sa vle di. Medicaid se youn nan pi gwo motè depans eta yo. Prèske mwatye nan Nouyòkè yo depans sou asirans sante piblik: Granmoun aje, timoun, moun andikape ak fanmi k ap travay yo. Men ane sa a Administrasyon Trump la te deklare lagè kont eta yo epi li te koupe sipò federal ki te an plas depi ane 1960 yo. Nou te wè enpak desizyon sa a prèske imedyatman.

Pandan ete a, nou te oblije pran desizyon difisil pou pwoteje swen epi kenbe sistèm nou an stab. Wi, eta a te pran mezi pou absòbe 750 milyon dola nan depans gouvènman federal la te evite. "Pwojè Lwa Chanpwèl" (Big Ugly Bill) Prezidan an pral kreye yon vid 3 milya dola nan Medicaid nan ane bidjè sa a sèlman. Se klè nou pa t ka prevwa sa lè Donald Trump te prete sèman literalman ennan de sa jodi a.

Men, men kijan nou pral fè fas ak li. N ap kontinye chèche fason pou amelyore efikasite nan tout sistèm swen sante a, paske li enpòtan pou nou redui vitès depans yo ap ogmante a. Men, nou p ap transfere depans yo sou fanmi yo, ni kite kominote vilnerab yo san yon liy sovtajan Washington te fè a. Se pa moun sa nou ye. Bidjè sa a adopte yon apwòch ekilibre — pwoteje sèvis ki sipòte founisè yo epi jere kwasans lan yon fason responsab.

Bidjè sa a adopte yon apwòch ekilibre — pwoteje sèvis ki sipòte founisè yo epi jere kwasans lan yon fason responsab. Menm pandan n ap jere defi sa yo, nou toujou ap investi pou ede fanmi k ap travay yo avanse. Sa kòmanse ak remete plis lajan nan pòch moun yo. Ane sa a, Nouyòk yo ap peye pi ba to taks pou klas mwayèn nan prèske 70 ane. Epi n ap mete fen nan taks sou revni eta sou konsèy pou travayè sèvis yo ka kenbe plis nan sa yo touche a. Si w ap travay pandan plizyè jou, lannwit, oswa wikenn, konsèy sa yo ta dwe ede w peye bòdwo yo olye pou w pèdi taks.

Epi n ap bay menm soulajman sa a bay kiltivatè nou yo. Bidjè sa a gen ladan l 30 milyon dola nan soulajman sible pou kiltivatè Nouyòk ki afekte pa tarif federal yo, sitou pwodikè pwodui letye ak rekòt espesyal yo. Sipò sa a pral bay an mwayèn anviwon 3,000 dola pou ede konpanse ogmantasyon depans yo epi kenbe fèm famiyal yo an fonksyon.

Kounye a, ann pale sou youn nan pi gwo presyon sou bidjè fanmi yo: gadri. Lè m te antre an fonksyon, Eta a t ap depanse anviwon 832 milyon dola nan sibvansyon gadri, sa ki pa t ase ditou pou satisfè bezwen fanmi k ap travay yo. Antanke premye manman gouvènè Nouyòk, sa pèsònèl pou mwen.

Depi lè li te antre an fonksyon, grasa investisman soutni ak volontè, Nouyòk te depanse plis pase 8 milya dola nan gadri ak edikasyon timoun piti. Ane sa a, nou pral investi 4.5 milya dola anplis nan gadri pou elaji aksè ak sèvis yo epi diminye depans pou fanmi k ap travay yo. Nou konnen Vil Nouyòk ak rès Eta a gen bezwen diferan ak enfrastrikti diferan nan sa ki gen rapò ak gadri epi yo mande solisyon diferan. Nan vil Nouyòk, nou pral investi 500 milyon dola pou finanse de premye ane Universal 2-Care a nèt, tout pandan n ap kontinye sipòte pwomès Universal 3-K a.

Nan tout eta a, n ap investi 1.3 milya dola nan yon apwòch diferan men ki egalman anbisye. Premyèman, n ap fè Universal Pre-K disponib pou chak timoun katran anvan 2028. Nou gen plizyè ane depi n ap travay nan direksyon sa. Jodi a, anviwon 75 pousan nan timoun katran nou espere sèvi yo deja enskri nan lekòl matènèl.

Epi pou satisfè bezwen fanmi yo anvan laj sa a ane sa a, nou pral pilote yon gadri nan tout kominote a pou bay swen abòdab pandan tout ane a, tout jounen an, pou tibebe ki fèk fèt jiska timoun 3 zan. E n ap apiye sou siksè pwouve Pwogram Asistans Gadri ak pwogram bon nou an, pou plizyè dizèn milye fanmi anplis ka jwenn swen kalite siperyè pou mwens pase 15 dola pa semèn.

Kounye a, mwen vle klè: Nou ka finanse ekspansyon sa a nan akoutèm paske revni an la. Nou pa fè tankou nou ka predi itilizasyon enskripsyon oswa politik federal senk ane apati kounye a.

Kidonk, n ap fè sa yon gouvènman responsab fè: Sèvi ak resous ki egziste deja yo jodi a epi bati nan direksyon dirabilite alontèm. Men, konnen byen ke angajman mwen pou demen an fèm. Angajman nou anvè timoun nou yo pa fini lè yo vin granmoun epi yo pa bezwen gadri ankò.

Bidjè sa a investi nan pwochen jenerasyon an avèk prèske 40 milya dola nan èd pou lekòl yo. Epi n ap kontinye asire ke distri ki gen plis bezwen yo resevwa finansman kòm sadwa. Apre sèz long ane kote administrasyon anvan yo pa t reyisi, mwen te pran desizyon pou finanse nèt Èd Fondasyon la pou bay lekòl yo sètitud san ogmante taks lokal yo anpil.

Anpil nan distri sa yo se zòn ki gen gwo neseseite oswa zòn andeyò nan eta a, epi yo pa gen lòt mwayen pou yo fè lajan antre. Se poutèt sa n ap ogmante Èd Fondasyon an ankò anplis kantite lajan lekòl yo ta resevwa anba fòm ki egziste deja a.

Kounye a, mwen vle klè sou yon bagay: Finansman poukont li pa garanti rezilta yo. Se poutèt sa nou asosye investisman istorik ak refòm ki gen bon sans tankou retire telefòn selilè nan salklas yo pou timoun yo kòmanse peye atansyon sou pwofesè yo epi retounen nan ansèyman debaz nan lekti, yon apwòch nou pral elaji nan matematik ane sa a.

Epi nou sonje pwogram Manje Lekòl Inivèsèl nou an ke nou te lanse ane pase a? Li te tèmman popilè ke demann lan te depase atant nou yo anpil. Kidonk, n ap elaji aksè a avèk yon investisman 395 milyon dola pou dezyèm ane a. Sa se 50 milyon dola plis pase ane pase. Paske pa gen okenn timoun ki ta dwe enkyete sou kote pwochen repa yo ap soti. Pwen final.

N ap pwoteje tou abòdabilite nan SUNY ak CUNY. Mwen te wè pouvwa yon edikasyon inivèsitè atravè opòtinite li te ouvri pou pwòp fanmi mwen. Se poutèt sa bidjè sa a kontinye bloke frè ekolaj yo epi li bay kanpis yo 90 milyon dola anplis nan sipò fonksyonman pou yo pa oblije ogmante depans pou elèv yo ak fanmi yo.

Nou fyè de pwogram kolèj kominotè gratis nou an ki deja ap ede elèv granmoun yo jwenn konpetans yo bezwen pou jwenn travay ki byen peye. Pou bati sou siksè sa a, bidjè sa a ogmante finansman an soti nan 47 milyon dola pou rive prèske 60 milyon dola, sa ki elaji aksè a nouvo domèn ki gen anpil demann. N ap mete ajou tou

kondisyon kalifikasyon yo pou Nouyòkè ki deja gen yon diplòm nan yon lòt domèn ka rebran fòmasyon kòm enfimyè epi ede satisfè demand mendèv nou an pi vit.

Nouyòkè yo merite yon edikasyon ki gen kalite siperyè menm jan yo merite yon kote ki an sekirite epi abòdab pou yo rele lakay yo. Malgre nou fè pwogrè reyèl, angajman mwen pou konbat kriz lojman nan Nouyòk la pi solid pase avan. Nou nan senkyèm ane plan lojman 25 milya dola nou an kounye a. Mwen kontan anonse nou prèt pou fini dènye etap la epi nou pral atenn objektif nou pou konstwi 100,000 kay nèf oswa prezève, yon objektif nou espere atenn nan ane k ap vini an.

Mwen vle konstwi sou sa a.

Se poutèt sa, anvan plan senk ane nou an fini, mwen te vle investi 250 milyon dola anplis pou lojman abòdab pou pwojè yo kontinye avanse epi elaji plis rezèv la. Epi n ap bay 100 milyon dola pou MOVE-IN NY pou ede fanmi yo demenaje nan kay demaraj ki gen kalite, ki konstwi nan faktori, ki fèt nan faktori epi ki konstwi rapidman pou prèske mwaye pri yon kay tradisyonèl koute. Nou ap investi tou 50 milyon dola nan pwogram Resilient and Ready (Rezistans ak Pare) nou an pou pwoteje lojman kont inondasyon ak move tan ekstrèm.

Epi yon lòt 25 milyon dola anplis pou Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) a, sa ki fè angajman total nou an rive nan 153 milyon dola pou nou ka kontinye sipòte vwazen ki pi vilnerab nou yo.

Ou tande m pale de abòdablite, edikasyon, swen sante ak lojman. Men, fondasyon tout bagay sa yo se pwoteje moun. Nou fè investisman rekò nan estrateji pou konbat krim ki fonksyone epi rezilta yo reyèl.

Bidjè sa a baze sou sa ki mache byen: 352 milyon dola pou prevansyon vyolans ak zam ak 77 milyon dola pou ranfòse sekirite nan metwo a. Nou pral investi tou 35 milyon dola nan sibvansyon Securing Communities (Sekirize Kominote yo) pou pwoteje lye adorasyon yo ak òganizasyon vilnerab yo.

Epi dènye politik mwen vle abòde a se yon bagay ki trè enpòtan pou mwen pèsonèlman: fòje yon avni ki pi pwòp e pi vèt pou pitit nou yo ak pitit pitit nou yo.

Lè m konnen menas anviwònman nou an ap fè fas pandan premye mwa mwen te amtre an fonksyon an, mwen te ajoute 1.3 milya dola nan Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la, sa ki fè total la rive nan 4.3 milya dola. Investisman sa a deja ap bay pwoteksyon dlo potab, amelyorasyon enfrastrikti ki fin vye yo, epi kreyasyon djòb nan kominote yo atravè eta a.

Ane sa a, mwen decide vize pi wo toujou, kote n ap pwolonje angajman nou avèk yon nouvo investisman 3.75 milya dola sou senkan pou enfrastrikti dlo pwòp Li pwoteje sante piblik la epi li sipòte konstriksyon lojman ke Nouyòkè yo bezwen.

Ann gade pi pre sou kijan priorite sa yo refleto nan chif yo epi pou nou eksplike plan an, mwen ta renmen envite Direktè Bidjè nou an, Blake Washington, monte sou podium nan.

[DIREKTÈ BIDJÈ A, BLAKE WASHINGTON, AP PRAN LAPAWÒL]

Mèsi, Blake.

Mwen bezwen souliye yon bagay Blake fèk pale de li. Eta Nouyòk pral resevwa 17 milya dola nan revni pandan de pwochen ane yo, sa depase pwojeksyon anvan yo. Sa vle di 17 milya dola ki soti nan moun ki touche gwo revni, nan bonis rekò Wall Street yo, epi nan yon ekonomi k ap boujonnen ankò.

Se lajan sa a nou pral itilize pou pwoteje Nouyòkè yo kont disfonksyonman federal la epi finanse ajanda solid nou an pou ane k ap vini an.

Sa pèmèt nou kenbe rezèv yo solid pou nou ka kontinye finanse priorite nou yo pou demen.

Se poutèt sa, pandan senk dènye ane yo, mwen te konsantre sou yon ajanda pro-kwasans ki kenbe Nouyòk konpetitif. Paske se konsa nou finanse yon bon filè sekirite sosyal pou Nouyòkè ki bezwen li epi elaji pwogram ki ede fanmi yo peye bagay esansyèl tankou gadri.

Lè w ap gade bidjè sa a an antye, ou ka wè li refleto disiplin, momantòm, anbisyon, ak preparasyon pou yon mond ki pi ensèten.

Nan Diskou Eta Leta mwen an, mwen te di nou te bati bato a pou I ka kenbe tèt ak tanpèt la. Nou pa mete nan tèt nou ke lanmè a pral kal devan nou. N ap fikse chemen nou pou nou navige kèlkeswa sa k ap vini apre a.

N ap fè chwa ak anpil atansyon epi n ap itilize resous nou yo yon fason responsab. Paske pwoteje fanmi ou ak pwoteje avni ou se batay mwen.

Epi bidjè sa a se fason nou rive fè sa.

Mèsi.

###

Lèt nouyèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)